



LIS KONTRWÓL SOU PLANIFIKASYON SEKIRITE

Aktyèlman si ou nan yon relasyon abizif, oswa ou planifye pou kite youn ou ka kreye yon plan sekirite kounye a kidonk ou kapab pare sizoka ta gen yon ijans.

Remake: Sa yo se rekòmandasyon; gen nan opsyon yo ka pa nan pi bon enterè w.

NAN TOUT ETA

SAFELINK, 24/7 liy dirèk pou viktim vyolans domestik yo:
877-785-2020

Konpansasyon pou Viktim yo:
617-727-2200







Biwo pou Asistans Viktim Massachusetts [Massachusetts Office For Victim Assistance]
Tel: 617-586-1340
E-mail: mova@mass.gov
www.mass.gov/askmova

Yon sibvansyon VOCA ki soti nan OVC, OJP, U.S. DOJ te sipòte anpati piblikasyon sa a. Opinyon, dekouvè, ak konklizyon oswa rekòmandasyon yo ki te ekspri nan piblikasyon sa a se pou Biwo Asistans pou Viktim Massachusetts e li pa nesèsman montre pwendevi DOJ oswa OJP, OVC.

ATIK AK DOKIMAN POU KENBE SOU LAMEN

Anba wap jwenn atik ou ta dwe kenbe yon kote ki ansekirite ke ou ka jwenn rapidman. Oswa, bay yon moun ou fè konfyans andeyò kay la kenbe yo pou ou.

- Idantifikasyon ak/oswa lisans chofè, kat sekirite sosyal, batistè 
- Paspò, dokiman imigrasyon, kat rezidans pou oumenm ak pitit ou yo
- Dokiman: kontra asirans lavi, sante, kay; kontra lwaye oswa papye kay; dosye lekòl ak medikal; sètifika maryaj papye divòs; òdonans tribinal; testaman, enfòmasyon sou taks; papye veyikil ak anrejistreman 
- Dokiman Finansye: kat kredi/ATM, lajan kach, kanè chèk, kanè bank, elatriye. (Remake lè ou itilize yon kat elektwonik, yon agresè te ka posiblerman retrase aktivite ak adrès ou.)
- Telefòn selilè (Remake: Gen posiblite pou yon agresè retrase telefòn selilè w.) 
- Ranplase kat manm nan magazen
- Kle lakay ou ak veyikil
- Restriksyon /Ódonans prevansyon Arasman (si disponib)
- Foto ak atik pèsònèl ki pa kapab ranplase
- Chanjman rad, twalèt akseswa, ak medikaman pou oumenm ak pitit ou yo, 
- Bèt domestik, vaksinasyon bèt domestik ak dosye medikal, medikaman bèt domestik, etikèt idantifikasyon
- Enfòmasyon pèsònèl agresè: nimewo sekirite sosyal, dat nesans, ak souch chèk



KI KOTE POU JWENN ÈD

Si ou bezwen èd oswa konsèy, kontakte yon defansè nan pwogram vyolans domestik lokal ou:

Ajans Akèy SAFEPLAN

| | |
|---|---------------------|
| Behavioral Health Network | 413-283-1058 |
| Elizabeth Freeman Center | 866-401-2425 |
| Greater Boston Legal Services | 617-371-1234 |
| Healing Abuse Working for Change (HAWC) | 800-547-1649 |
| Health Imperatives | 508-588-8255 |
| High Point Treatment Center/ South Shore Women's Resource Center | 508-746-2664 |
| Independence House | 508-771-6507 |
| NELCWIT | 413-772-0806 |
| New Bedford Women's Center | 508-996-3343 |
| New Hope, Inc. | 800-323-4673 |
| Stanley Street Treatment and Resource Center | 508-675-0087 |
| Womanshelter/Compañeras | 877-536-1628 |
| YWCA of Central MA | 508-755-9030 |
| YWCA of Northeastern MA | 978-687-0331 |
| YWCA of Western MA | 413-733-7100 |

Massachusetts Office For Victim Assistance

MOVA

Victim & Witness Assistance Board

Èske ou
ansekirite?

RETE ANSEKIRITE

SAFEPLAN se yon pwogram defans sivil ki baze nan tribinal pou viktim vyolans domestik; agresyon seksyèl ak arasman kriminèl kap chèche pwoteksyon kont abi atravè

**209A Ódonans Restriksyon ak
258E Pwosesis Ódonans sou
Prevansyon Arasman.**

Èske ou ansekirite?

Èske fanmi oswa zanmi w te di w ke yo te enkyete pou sekirite w?



SIY AVÈTISMAN SOU ABI

Yon relasyon ka abiziv ki patnè w fè youn nan bagay sa yo:

- » Jalou ak posesif anvè ou
- » Kontwole kote ou ale ak kimoun wap wè
- » Anpeche w wè zanmi ak fanmi
- » Rabese w oswa fè ou santi w malalèz
- » Li sitèlman efreyan ke ou enkyete sou kijan patnè w pral reyaji sou sa ou di oswa fè
- » Fè ou pè oswa menase w
- » Itilize oswa posede zam oswa zamafe
- » Fè presyon oswa fòse w pou fè sèks
- » Frape, pouse, trangle, kontrenn, kout pye, oswa mete men sou ou (*oswa pitit ou yo oswa bèt domestik*)
- » Menase pou di ou se masisi, madivin, de-sèks, oswa trans-seksyèl si ou pa swiv kòmman yo
- » Kontwole tout lajan an, sa ki gen ladan chèk travay ou
- » Menase pou itilize estati imigrasyon w kont ou

SONJE, OU KA TOUJOU RELE 911 NAN YON KA DIJANS



KIJAN POU JWENN YON ÓDONANS RESTRIKSYON

Ódonans restriksyon ak Ódonans sou Prevansyon Arasman disponib nan:

- » Tribinal Distri oswa Tribinal Fanmi ak siksesyon nan zòn ou an
- » Pwogram sou vyolans domestik lokal ou an ka ede w jwenn yon òdonans oswa mete w ankontak avèk yon defansè SAFEPLAN



PWOTEJE TÈT OU LAKAY OU

- » Kenbe yon telefòn nan yon chanm ou ka klete pa andedan; kenbe yon telefòn selilè avèk ou toutan.
- » Planifye yon wout pou soti lakay ou; anseye l bay pitit ou yo.
- » Mande vwazen ou yo pou rele lapolis si yo wè agresè a lakay ou. Kreye yon siyal pou yo ka rele lapolis. Pa egzanp, si telefòn nan sonnen de fwa, yon lonbraj pase oswa yon limyè limen.
- » Mete bagay ki enpòtan ou ta bezwen nan yon sak si ou ta dwe kite touswit. Mete l yon kote ki ansekirite, oswa bay yon zanmi oswa yon paran ou fè konfyans.
- » Jwenn yon nimewo telefòn ki pa liste ak ekran pou kontwole apèl ou yo.
- » Si agresè w demenaje, chanje kadna nan pòt ou yo epi klete fenèt ou yo.
- » Ódonans restriksyon ka ede avèk sa a, oswa pale avèk pwopriyete kay ou.
- » Si ou gen yon òdonans restriksyon, ou ka anmezi pou jwenn asistans finansye grasa Konpansyon pou Viktim. Yon defansè ka ede w aplike.



PWOTEJE TÈT OU ANDEYÓ KAY LA

- » Fè aranjman pou deplase avèk diferan moun; chanje wout ou yo souvan.
- » Achte epi ale labank nan diferan kote.
- » Kenbe òdonans tribinal ou (si ou gen youn) ak nimewo ijans avèk ou toutan.
- » Asire travay ou ak/oswa lekòl ou gen yon kopi òdonans tribinal yo.
- » Gen yon plan sou sa ou ta fè si yon move bagay ta rive an piblik; toujou rete okouran sou anviwonman w.



METE PITIT OU PLIS ANSEKIRITE

- » Anseye yo pou yo pa antre nan goumen ant oumenm ak patnè w, menmsi yo vle ede.
- » Anseye timoun yo kijan pou yo ansekirite, ak kijan pou yo rele 911 epi ba ou adrès ak nimewo telefòn lapolis.
- » Bay lekòl oswa gadri a yon kopi òdonans tribinal la epi di yo pa bay okenn moun pitit ou yo san yo pa pale avèk ou anvan.
- » Asire ke timoun yo konnen kimoun pou yo di sa nan lekòl la si yo wè agresè a.
- » Asire ke lekòl la konnen pou yo pa bay okenn moun adrès ak nimewo telefòn ou.



SEKIRITE SOU ENTÈNÈT AK TELEFÓN ENTELIJAN

- » Sonje: Nenpòt enfòmasyon ou afiche sou entènèt la piblik e agresè w kapab wè l.
- » Dekonnekte soti sou nenpòt kont anliy ak aplikasyon;dezaktive “kenbe m konekte” “keep me logged in” karakteristik epi pa kite navigatè entènèt la sonje modpas ou.
- » Itilize modpas ki difisil (lèt majiskil ak miniskil, chif, ak senbòl).
- » Egzamine paramèt konfidansyalite sou rezo sosyal yo Kont regilyèman.
- » Eseye evite afiche enfòmasyon prive sou sit rezo sosyal yo (Facebook, Twitter, Instagram, etc.)
- » Dezaktive fonksyon pataj lokasyon nan GPS telefòn entelijan an.

Èske ou ansekirite?

www.mass.gov/askmova